
DÉZIÈM CHAPIT
**Mouin kouè nan Jézu-Kri,
sèl Pitit Bondié-a**

ATIK 6

*Jézu « monté nan sièl-la é li chita adouat
Papa-a ki gin tout pouvoua-a »*

- 659 « Granmèt Jézu, lè-l fin di yo sa, li monté nan sièl-la, li chita adouat
Bondié » (Mc 16, 19). Kò Kris-la té glorifié dépi moman Réziréksion-l
645 nan, jan nouvo kapasité surnaturèl-yo démontré sa, kapasité li pral joui
san rété dépi lè sa-a (cf. Lc 24, 31 ; Jn 20, 19. 26). Min pandan karant jou
koté li té manjé nan familiarité avèk disip li-yo épi li té bouè (cf. Ac 10,
41) épi li té instrui yo osijè Rouayòm-nan (cf. Ac 1, 3), gloua li-a té rété
voulé toujou anba aparans yon lavi moun òdinè (cf. Mc 16, 12 ; Lc 24,
66 15 ; Jn 20, 14-15 ; 21, 4). Dènié aparision Jézu ap fini lè sa-l yé kòm
697 moun antré san rétou nan gloua Bondié-a, nuaj-la indiké sa (cf. Ac 1, 9 ;
cf. tou Lc 9, 34-35 ; Ex 13, 22) épi sièl-la tou (cf. Lc 24, 51) koté li déjà
chita adouat Bondié (cf. Mc 16, 19 ; Ac 2, 33 ; 7, 56 ; cf. tou Ps 110, 1).
Li-minm, yon fason ki vrèman éksépsionèl épi san parèy, pral manifésté-l
642 bay Pòl « tankou yon pitit ki fèt anvan tèm » (1 Co 15, 8) tankou nan yon
dènié aparision ki fè Pòl tounin Apot (cf. 1 Co 9, 1 ; Ga 1, 16).
- 660 Karaktè gloua Résisité-a ki voulé pandan tan sa-a parèt nan mistè
paròl li di Mari Madlèn yo : « Mouin pa ko monté kot Papa-m. Min al kot
frè-m yo, di yo : “M-ap monté kot Papa-m ak Papa nou-an, Bondié-m nan
ak Bondié nou-an” » (Jn 20, 17). Sa indiké yon diférens ant gloua Kris-la
ki résisité-a épi gloua Kris-la ki lévé anlè adouat Papa-a. Événman
Asansion-an ki an minm tan istorik épi transandan indiké pasaj sot nan
youn al nan lòt-la.
- 661 Dènié etap sa-a fè youn byin séré ak premié-a, sètadi, désann sot nan
sièl-yo, sa Inkarnasion-an té réalisé-a. Li-minm sèlman ki « soti nan Papa-
a » kapab « alé kay Papa-a » : Kris-la (cf. Jn 16, 28). « Pèsonn pa monté
nan sièl-la sof sa-a ki désann sot nan sièl-la, Pitit moun-nan » (Jn 3, 13 ;
cf. Ep 4, 8-10). Si sé sou pròp fòs natirèl-li natu moun-nan apuiyé, li pa
gin mouayin antré « Kay Papa-a » (Jn 14, 2), nan lavi ak kontantman
anplin Bondié-a. Sé Kris-la sèl ki té kapab ouvri pòt-la pou moun-nan,

- 792 « pou-l té ba nou konfians nou minm manb li-yo, nou t-ap suiv li, koté li-minm, Tèt-nou ak premié Kòmansman nou-an déjà rivé-a » (MR, Préface de l'Ascension)
- 662 « Mouin minm minm, lè y-ap lévé-m sot sou tè-a, m-ap rédi tout bagay vîn jouinn mouin » (Jn 12, 32). Lévé yo lévé-l sou koua-a indiké épi anonsé Asansion nan sièl-la. Sé kòmansman-l li yé. Jézu-Kri, sèl Prèt Nouvo Alians pou tout tan-an, « pa-t antré nan yon tanp ki fèt ak min moun, [...], min sé nan sièl-la minm li antré pou-l parèt koulié-a dévan fas Bondié pou nou » (He 9, 24). Nan sièl-la san rété Kris-la ap égzèsé sasèrdòs li-a, « antan-l vivan tout tan pou-l priyé pou moun yo ki proché kot Bondié pa lintèmediè-l » (He 7, 25). « Kòm prèt an chèf byin ki gin pou vini-yo » (He 9, 11), li sé pouin santral épi aktè prinsipal litiji ki onoré Papa-a nan sièl-yo (cf. Ap 4, 6-11).
- 663 Apati lè sa-a, Kris-la, *chita adouat Papa-a* : « Ak paròl 'adouat Papa-a' nou vlé di onè ak gloua Bondié-a, koté kòm Pitit Bondié, kòm sa-k gin minm substans (natu, égzistans) ak Bondié Papa-a, koté-l té yé anvan tout tan-an, alafin, antan-l tounin chè, li chita dapré modalité kò-a tou nan minm gloua san parèy-la koté chè li-a monté-a » (S. Jean Damascène, f. o. 4, 2 : PG 94, 1104C).
- 664 Chita adouat Papa-a vlé di inogirasion Rouayòm Mési-a, akonplisman vizion profèt Danièl-la osijè Pitit moun-nan : « Yo ba-l pouvoua ak konsidèrasion ak péyi-roua, épi tout pèp, ras ak lang ap sèvi-l. Pouvoua-l sé pouvoua tout tan, ki pap disparèt ; péyi-roua-l, sé péyi-roua ki pap détrui » (Dn 7, 14). Apati moman sa-a, Apot-yo vîn tounin témouin « Rouayòm ki pap gin finisman-an » (« é li va roua pou tout tan ») (Sinbòl Nisé-Konstantinòpl-la).

RÉZIMÉ

- 665 *Asansion Kris-la sé sign sa Jézu yé kòm moun-nan antré définitivman nan domèn sièl Bondié-a, l-ap gin pou-l vini sot la yon lòt foua (cf. Ac 1, 11), min antré tan sa kaché-l paparò a jé moun-yo (cf. Col 3, 3).*
- 666 *Jézu-Kri, Tèt l'Égliz-la, pran dévan nou nan Rouayòm gloua Papa-la, pou nou-minm, manb kò li-a, nou viv nan éspérans yon lè n-ap avèk li pou tout tan.*
- 667 *Antan Jézu-Kri antré yon sèl foua pou tout tan nan sanktuè sièl-la, l-ap intèsédé pou nou san rété kòm médiatè k-ap vidé Éspri-Sin-an nan nou san rété.*